**Réewum Juulit wu Moritani**

Goré - Mbookkoo - Yoon

Jawriñ gi ñi dénk njàng mi ak coppite njàngin mi

**DAARA NGIR YOKKUTE AK JÀNG CI LÀKKI REEW MI**

# NJÀNGUM DAWAL

## AT MU JËKK WOLOF

IPELAN



IPELAN

# NJÀNGUM DAWAL AT MU JËKK

# WOLOF

IPELAN

© IPELAN 2024

# REF.LEGALES ET CREDITS

IPELAN

# Kanamal

Ngir dolli gëdd njàng mi ak njàngale mi bànqaas gi saytu njàng mi ak njàngale mi ci moritani amal na camp ngir wone làkki réew mi. Ngir waajal duggub làkki réew mi : pulaar soninké ak wolof ngir ñu jot jëmu yu am solo yi ñu wax ci tërëlinu dëgërelu njàng mi. Moo tax jumtu njàngale mi, ñu xalaat, te camp yiy toppatoo njàngum làkki réew mi, amal ka, war doon tegu ci yeene yi bànqaas gi am ci dëgërël xam xam yi ci njàng mi. Mu am solo su màgg ngir jëfendikoo làkki réew mi, ni xam xam àk jëmu njàngum dawaal bu jëkk. Njumtu njàng moomu nongi ko bind ci kow ay doxal seet yu wóor ñu amal leen ci addina mu dëppoo ak jamono ji réew mi tollu. Bolee ci xam xamu njàng mu laalu mi, yi manul ñàkk ci njàngum dawaal mu jëkk, mi wane ci sukkandiku ci làkk yi xalé yi di làkk, mën ka dégg, jëll yu ñu mën tas ngir xam lu ñu wund, dana tax xale bi mën jàng bu jub. Ci sukkandiku natt yi, amalug téere bi làjj, mënees na yaakaar ni jumtu lii dana doon tegu gu am solo, guy indi tontu lu am ci bëgg- bëggu bànqaas gi saytu jàng mi ak njàngale mi, ci yokk gu wóor njàngu ndongo yi.

Nuy gërëm ñëpp ñi ci jàpp bamu am ci seen jàppale te di ñaan ñëpp ñi jot ci téere bi ñu jëfendikoo ko na mu gëné

Di beral ngërëm ñii amal taxawaay bu mucc ayib bi ba téere bi mëna yémb. Ñu ci melni :

**Sëriñ Elbu Muhamed Ndaw** ngiitu bànqaas gi yoré ak di saytu làkki réew mi.

**Sëriñ Rawaan Maxtaar Jóob** mu ñu denk wàllum làkku wolof ca boobu bànqaas

**Ak Sëriñ Jiibi Amadu Gay** di ku xam xamam màcc ci làkku wolof.

**Professeur Mbuh Seta Jagana: Njiitu kureelu IPELAN.**

IPELAN

# Dugal gi

- **Këmbu 1 : Sama waa kër gi**
- **Taal añ**
- **Dégtu1 : Waa kër gi**
- **Dégtu 2 : Nuyoo yi**
- **Dégtu 3 : Togg yi**
- **Dégtu 4 : liggey i kër gi**
- **Dégtu 5 : Ndobu ak waa këram**
- **Dégtu 6 :  Nafar**

-• **Këmbu 2 :  Njàng mi**
- **Ca daara ja**
- **Dégtu1 : Sëriñ bi / Jàngalekatu alquraan bi**
- **Dégtu 2 : kubbite daara ji**
- **Dégtu 3 : Biir yéen bi**
- **Dégtu 4 : Dal lu bi**
- **Dégtu 5 : Wàcc bi**
- **Dégtu 6 :  Nafar.**

- **Këmbu 3 : Wér gi yaram**
- **Ñakku**
- **Dégtu1 : Cet gi**
- **Dégtu 2 : Feebar yi**
- **Dégtu 3 : Kër doktoor**
- **Dégtu 4 : Ñakk yi**
- **Dégtu 5 : Sibbiru**
- **Dégtu 6 :  Nafar.**

- **Këmbu 4 : Po yi ak Tàggat yaram**
- **Tàggat yaram**
- **Dégtu1 : Langa buri**
- **Dégtu 2 : Futbal**
- **Dégtu 3 : Wuré**
- **Dégtu 3 : Wuré**
- **Dégtu 5 : Tàggat yaram**
- **Dégtu 6 :  Nafar.**

IPELAN

- **Këmbu 5 : Njóol yi.**
- **Ñawkat bi**
- **Dégtu1 : Jàngalekat bi**
- **Dégtu 2 : Njënd ak Njaay**
- **Dégtu 3 : Ñawkat bi**
- **Dégtu 4 : Lakka katu mburu**
- **Dégtu 5 : Mool mi**
- **Dégtu 6 : Nafar.**

- **Këmbu 6 : Xew yi**
- **Ngénte li**
- **Dégtu1 : Moom sa reew**
- **Dégtu 2 : Kori gi**
- **Dégtu 3 : Tabaski**
- **Dégtu 4 : Gàmmu**
- **Dégtu 5 : Tamxarit**
- **Dégtu 6 : Nafar**

- **Léeb : Xaj ak Muus.**
- **Léeb : Muus, Jinax ak Ginaar**
- **Léeb : Jàmm**
- **Xët mi : Bés bu jëkk ca daara ja**
- **Léeb : Bëre Xaj ak Golo**
- **Xët mi :: ubbite daara ji**
- **Léeb :: Lu ngeen di def**
- **Léeb : Ndawalu Gaynde**

**Dégtu yu ñu jàpp, doxalin la ñuy topp, ñu séddëliku ci ay tollu. Tollu yi dañu leen wone ngir yombalal jàngalekat bi dégginu xarala wu gën ci njàngale làkk wi te it di dëgërel doxalinu njàng mi ci biir yeenam.**

IPELAN

## Ālluway fànn


| | | |
|---|---|---|
| jëmu 1 : | a – à – aa | 23 - 24 |
| jëmu 2 : | u - uu | 25 - 26 |
| jëmu 3 : | e – ee - é - ée | 27 - 28 |
| jëmu 4 : | i - ii | 29 - 30 |
| jëmu 5 : | nd | 31 -32 |
| jëmu 6 : | Nafar a - aa – à - u - uu - e – ee - é - ée - i – ii – nd | 33 – 34 |
| léeb : | Muus, Jinax ak Ganaar | 35 |
| këmbu 2: | Njàng mi | 36 |
| jëmu 1 : | ë | 37 - 38 |
| jëmu 2 : | o – oo – ó - óo | 39 -40 |
| jëmu 3 : | y - yy - c | 41 - 42 |
| jëmu 4 : | d - dd | 43-44 |
| jëmu 5 : | mp | 45 – 46 |
| Jëmu 6 : | Nafar ë o - oo- ó - óo - y- yy- c – d – dd - mp | 47 -48 |
| Léeb : | Jàmm | 49 |
| Këmbu3 : | wër gi yaram | 50 |
| Jëmu 1: | f – nc | 51-52 |
| Jëmu 2 : | ng – ŋ -- ŋŋ | 53-54 |
| Jëmu 3 : | r – rr | 55-56 |
| Jëmu 4 : | g – gg | 57-58 |
| Jëmu 5 : | q – nq | 59-60 |
| Jëmu 6 : | Nafar - f – nc – ng – ŋ – ŋŋ – r – rr - g – gg – q – nq | 61-62 |
| Léeb : | Jàngoro yi | 63 |
| Këmbu 4: | Po ak tàggat yaram | 64 |
| Jëmu 1 : | w – ww | 65-66 |
| Jëmu 2 : | m – mm | 67-68 |
| Jëmu 3 : | n – nn | 69-70 |
| Jëmu 4 : | l – ll | 71-72 |
| Jëmu 5 : | nk | 73-74 |
| Jëmu 6 : | Nafar - w - ww—m -- mm- n- nn -- l- ll – nk | 75-76 |
| Léeb : | Golo ak Bouki | 77 |
| Këmbu 5 : | Njóol yi | 78 |
| Jëmu 1 : | J – JJ | 79-80 |
| Jëmu 2 : | K – kk | 81-82 |
| Jëmu 3 : | s | 83-84 |
| Jëmu 4 : | mb | 85-86 |


IPELAN

## Ālluway fànn


| | | |
|---|---|---|
| Jëmu 5 : | nj | 87-88 |
| Jëmu 6 : | Nafar - j- jj- k- kk - s- mb – nj | 89-90 |
| Léeb : | Bëre Xaj ak Golo | 91 |
| Këmbu6 : | xew yi | 92 |
| Jëmu 1 : | ñ – ññ | 93-94 |
| Jëmu 2 : | t – tt | 95-96 |
| Jëmu 3 : | x | 97-98 |
| Jëmu 4 : | b – bb | 99-100 |
| Jëmu 5 : | nt | 101-102 |
| Jëmu 6 : | Nafar ñ- ññ—t – tt -- x—b – bb – nt | 103-104 |
| Jukki b-1 : | Taal añ | 105 |
| Jukki b 2 : | Ca daara ja | 106 |
| Jukki b 3 : | Ñakku | 107 |
| Jukki b 4 : | Tàgat yaram | 108 |
| Jukki b 5 : | Ñawkat bi | 109 |
| Jukki b 6 : | Ngénté li | 110 |
| Jukki b 7 : | Ubbite daara ji | 111 |
| Jukki b 8 : | Lu ngeen di def | 112 |


IPELAN

## 1. Njaboot gi (waa kër gi) :




IPEN

| Mbindafooni këmbu gi | Baat yu am solo yi | Jëf yu ànd ak kàddu yi |
|---|---|---|
| 1. Maam<br>2. Baay<br>3. Yaay Nabu<br>4. Lamin<br>5. Karim<br>6. Abu<br>7. Duudu<br>8. faatim<br>9. Bàjjan Soxna<br>10. lolli<br>11. Ndóobu | Waañ<br>Caat<br>Maam<br>Rakk<br>Mag<br>Nijaay<br>Bàjjan<br>Xar<br>Nag<br>Xanqeel | Lamin aki ràkkam ñu ngi ànd ak i seen i waajur<br>Duudu yeewu na, julli, nuyu ay waa-juram<br>Démb weeru koor tàmbali na, kolle jéem na togg reer bu neex<br>Faatim a ngi bale biir néeg bi<br>Ndóobu lalal na waa kër gi ndés |

IPELA

# 2. Njàng mi







| Mbindafooni këmbu gi | Baat yu am solo yi | Jëf yu ànd ak kàddu yi |
|---|---|---|
| 1. Sëriñ<br>2. Lamin<br>3. Baay<br>4. Njóoba<br>5. Ndóobu<br>6. Momar<br>7. Yerim<br>8. Duudu<br>9. Koddu | àlluwa.<br>Sëriñ<br>ndongo yi<br>nafar<br>mokkal<br>bindam.<br>jàngi | Sëriñ bi jël na téereem toog ci ëtt bi di nafar ak ndongo yi.<br>Njóoba ak Ndóobu ñu ngiy jàng<br>Ndongo yi a ngi way ak a tàccu ci biir yéen bi.<br>Ndongo yi a ngi dal lu ci suufu kàdd gi.<br>Umpaañu faatim mooy jàngal lompoñ yi. |

IPELAN

# 3. Wergi yaram




IPELN

| Mbindafooni këmbu gi | Baat yu am solo yi | Jëf yu ànd ak kàddu yi |
| --- | --- | --- |
| 1. Faatim<br>2. Fari<br>3. Sëriñ<br>4. Rama<br>5. Rawaan<br>6. Màggat<br>7. Gàmmu<br>8. Karim,<br>9. Lamin<br>10. Yaay | Sangu ba set<br>Raxas samay loxo ak sama gémmiñ.<br>jàngoro<br>Biir buy daw<br>sibiru<br>dispanseer<br>fagaru<br>ñakku<br>sëqët | Faatim ak fari setsetal nañu pénc mi<br>Jàngoro biir buy daw dafay ŋacc xale<br>Rama dafa sibiru, xëy na ca yoor-yoor dem dispanseer.<br>Gàmmu ànd na ak Màggat dém ñakki gone yi<br>Bànqaasu wergi yaram gi ñoo ngi waxtaane sëqët su bon si |

IPELAN

# 4. Po ak tàggat yaram





IPELA


| Mbindafooni këmbu gi | Baat yu am solo yi | Jëf yu ànd ak kàddu yi |
|---|---|---|
| 1. Faatim<br>2. Lamin<br>3. Karim<br>4. Awa<br>5. Faawàdd<br>6. Waali<br>7. Warax<br>8. Bàlla | làngaaburi<br>fut bal<br>nëbbutaan<br>foo<br>wuré<br>Làmb ji<br>Daan<br>jéll bu<br>galgal | Lamin ak Faatim tàmm na ñu làngaaburi ak seen i moroom<br>Muritani daan na Aljeri benn bal ci dara.<br>Awa làwwi na yëré Faawàdd ndax wuré.<br>Lamin daan na Bàlla jéll bu set wecc<br>Lamin da doon dàqante ak karim bay sonk sokk ko ci tànk |

IPELAN

# 5. Njóol yi









| Mbindafooni këmbu gi | Baat yu am solo yi | Jëf yu ànd ak kàddu yi |
| --- | --- | --- |
| 1. kamara<br>2. Xujja<br>3. Jaari<br>4. yaay<br>5. Faatim<br>6. Mbay<br>7. Njaay | jàngale kat bi<br>sëriñ bi<br>jàngale<br>daara ji<br>Seriñ kamara<br>jënd<br>Jaaykat<br>Ja<br>njaay<br>suub<br>Mbidaan<br>Mbër<br>Mool | Sëriñ Kamara bind na fukki kàddu ci alluwa ji.<br>Xujja day jaay jën ca ja ba.<br>Ñawkat bi ñaw na ser yi Umu suuboon<br>Mbay moy lakk mburu ci gox bi.<br>Njaay mool la njël lay roti |

IPELAN

## 6. Xew yi :




IPELAF

| Mbindafooni këmbu gi | Baat yu am solo yi | Jëf yu ànd ak kàddu yi |
|---|---|---|
| 1. Lamin<br>2. Paate<br>3. Baay<br>4. Xuri<br>5. Binta<br>6. Fanti | Moom sa reew<br>Weer wi feeñ na<br>Xar<br>gàmmu gi.<br>dëbb<br>dugub<br>Cere | Seriñ bi ràññeeku na ci màaggalu 28 noowàmbar bi<br>Paate natt na muurum kooram<br>Baay jënd na xaru tabaski yéew ko ci keppaaru garab gi<br>Binta dëbb na dugub ji ngir réeru gàmmu gi.<br>Fanti ak Binta mayante nañu reeru tamxarit |

IPELAN

këmbu 1

# Waa kër gi

IPELAN


## Xët mi: Taal añ

Njéeme xéy na tay ja ba.
Cuwu-tiir la bëgg togg.
Jënd na ceeb, diw-tiir, sippax ak kànja.
Ba mu noppee mu jël ndaamar ñibbi këram,
daldi taal añ.
Cuwu-tiir gi neex na, ñépp añ nañu ba suur.

IPELAN

## Tàjji: Njàboot gi

### Jëmu : njàngum a à aa



**Lamin aki ràkkam ñu ngi ànd ak i seen i waajur**

| | | | |
|---|---|---|---|
| Lamin | ràkkam | ànd | waajur |
| a | à a | à | aa |
| A | A | À | AA |

| | | |
|---|---|---|
| Ayda | waajur | àlluwa |
| Abdu | baay | ànd |
| at | yaay | jàng |
| alal | maam | bàjjan |

| | | |
|---|---|---|
| Bàjjan | Waaň | Maam |
| Xar | Caat | Rakk |
| Nag | Daara | Mag |
| Xanqeel | àll | Nijaay |


Yaay dem na ja ba.
Abdu a ngi jàng àlluwaam.
Baay seetina sama bàjjan.
Anta a ngi taal aň.

Jant so na, njàboot gi daje, waajur yi téew,
Maam di léebal xale yi bàjjan Soxna di xiim àttaya
Yaay Nabu woote na biig ne dina ñëw. Bu egsee, Abu
di na bég di wél-wéli. Sërica bi moo tax muy wat-wati.

IPELAN

## Tàjji: Nuyoo

## Jëmu: Njàngum u - uu



IPELAN

**Duudu yeewu na, julli, nuyu ay waajuram**

| | | |
|---|---|---|
| Duudu | julli | waajuram |
| **uu** | **u** | **u** |
| **UU** | **U** | **U** |

| | | |
|---|---|---|
| Duudu | Nuyu | Julli |
| Ñuul | Waajur | Wurus |
| Suuf | ubbi | Tontu |
| Suul | dugg | waajur |

| | | |
|---|---|---|
| tuur | ruq | gaawu |
| wuutal | ràbbu | nuyu |
| ruus | ubbi | suba |
| duuf | wut | guddi |

Faatu am na lamu wurus.
Astu ubbi na bunt bi.
Elbu xale bu tuuti la.
Usmaan tuur na suukër si.

Maam dafa ñëw ci daara ji, doon nuyu si lamin far tuur daa ji ci suuf. Lamin wuti na cin lu ñuul ngir wuutal daa sëriñam.
Xaritam yi jog nañu jàppale ko. Ndongo yi seen ànd rafet na, lépp lañuy bokk

IPELAN

## Tàjji: Ñam yi

## Jëmu: Njangum e – ee – é- ée



IPELAN

**Démb weeru koor tàmbali na, kolle jéem na togg reer bu neex**

Démb weeru kolle jéem

é ee e ée

É EE E ÉE

| | | |
|---|---|---|
| Sàkket | Fees | démb |
| Dex | Teew | fél |
| Set | Jéem | sér |
| rafet | néeg | wér |

Léeb
Xale
Teew
kew

Kuréel
Wuute
puune
jigéen

Yéen
Leer
Yewwi
ndumbe

Baay sàkket na toolam.
Yaay takk na jaaro yu rafet.
Duudu jënd na benn xar- géppën bu weex.
Bàjjan njar na soow mu neex.

Benn bés ci weeru koor gi, baay dém na ja ba.
Jënd ay njumtu yu bare ngir yóbbul waa kër gi.
Waaye bi mu ñibisee ndekete yoo da fa leen fàtte ca ndaamaar ga. Yaay jaaxle na lool tay ci lu muy def ndogu.

IPELAN

## Tàjji: liggéeyi kër

## Jëmu: Njàngum i - ii



IPELAN

**Faatim a ngi bale biir néeg bi**

faatim ngi biir bi

i ii i

I II I

| | | |
|---|---|---|
| Indé | biir | riiti |
| nit | niit | mbiiti |
| làlli | fiitu | xarit |
| cin | fiir | indi |

| | | |
|---|---|---|
| weri | diir | miir |
| tëri | liir | tilim |
| dibéer | ciiriir | lemmi |
| teri | tiit | metti |

Faatim weri na yëré yi.
Ami téri na ceeb bi.
Fifi tonni na mbalit mi.
Karim riitikat bu mag la.

Tay ci dibéer ji ndongo yi jàngi wu ñu.
Faatim fiitu na, fóoti yëré yi tilim yi. Génne na sér ak i darab daldi leen fóot ak saabu. Bi mu noppee mu bàcc leen , weer leen ci naaj wi.Lamin ak lolli ñu ngi set setal biir kër gi.

IPELAN

## Tàjji: Ndóobu ak waa këram

## Jëmu: Njàngum nd Nd



**Ndóobu lalal na waa kër gi ndés.**

| | |
|---|---|
| Ndóobu | ndés |
| Nd | nd |
| ND | ND |

Nd →

| | |
|---|---|
| i | ndi |
| a | nda |
| o | ndo |
| ó | ndó |
| é | ndé |
| ë | ndë |
| u | ndu |

← Nd

i
a
o
ó
é
u
à

Nd →

| | |
|---|---|
| ii | ndii |
| aa | ndaa |
| oo | ndoo |
| óó | ndóó |
| éé | ndéé |
| ëë | ndëë |
| uu | nduu |

IPELA

| | | |
|---|---|---|
| Ndóobu | bind | maandu |
| ndox | bànd | lënd |
| ndaa | dand | pënd |
| ànd | turandoo | xandeer |

Ndóobu duy na ndaa li.
Ci pënd bi la ñu yendu, moo tax seen i yëré dand.
Lamin seeti na turandooam.
Nderi toj na andu faatim.

Yaay ànd na ak Ndóobu jëm ja ba jëndi jën. Wëndeelu na ñu bay sonn, amu ñu lu dull bànd.Bi ñu dellu see fekk xaleyi  doon foo bay toj ànd wa, xàndeer yi a ngii. Baay neena su pënd bi dale ngeen dindi lënd yi.

IPELAN

# Tàjj Nafar

**Jëmu: a à aa e é ee ée u i ii**



**Sëriñ bee ngi wut àlluway Faatim ci ruqu yéen bi.**

bee wut àlluway Faatim yéen

ee u à a aa ée

EE U À A AA ÉE

| | | |
|---|---|---|
| ubbi | suufu | réew |
| àlluway | jiitu | yëré |
| rafet | weer | daje |
| sàkketu | defaraat | niital |

| | | |
|---|---|---|
| néegu | buur | daara |
| tijji | àlluwaam | tiim |
| xeebuñu | biir | cet |
| sér | fees | wuutal |

Weer wi suuxna.
Laamin ubbi na buntu yéen bi taf ci kayit yu rafet.
Baay ak yaay a ngi bay seen i tool.
Sëriñ bi jiitu na di julli ci biir néegam.

Weer wi suux na Laamin ubbi na buntu kër gi.
Ñuqi na kayit ya ca sàkketu daara ja.
Jiitu na di niital rakkam ñu jëm ca suufu garab ga.
Da doon wër àlluwaam far tuur daa ja.

IPELAN

## këmbu 2 :

# Njàng mi

IPELAN

# Xët mi:

Astu kuy soññ doomam yi ci njàng la.

Saa su nekk dafay dem daara ja di nemmeeku xale yi.

Bu gisee ak sëriñ si ba noppi, daldi yewweeku dellu këram.

Moom daal, fàww nu roy ci moom.

IPELAN

## Tàjji : Daaray al-quraan

## Jëmu: Njàngum ë Ë



**Sëriñ bi jël na téereem toog ci ëtt bi di nafar ak ndongo yi.**

| | | |
|---|---|---|
| Sëriñ | jël | ëtt |
| ë | ë | ë |
| Ë | Ë | Ë |

| | | |
|---|---|---|
| jël | ëtt | xëccoo |
| kër | dëbb | këpp |
| sëriñ | fëgg | ëpp |
| mbëtt | tëdd | jëm |

| | | |
|---|---|---|
| jën | ërtël | sëgg |
| kër | ëpp | dënn |
| fëgg | ëppal | bër |
| ëllëg | ëlëm | jënd |


Faatim jënd na àlluwa.
Amadu ëlëg lay dugg lël.
Umar fëgg na sajaada sëriñ bi.
Sëriñ bi wax na ndongo yi ñu sëgg.

Sëriñ bi a ngi nafar ci suufu garab gi ci kër gi.
Lamin a ngi tëdd di jàng jàkkaarlook sëriñam.
Ëllëg di na xëy teel ndax mokkalul bindam.
Baay xëy na ko yee ca fajar mu jàngi àlluwwam.

IPELAN

## Tàjji: Ubbite daara ji

### Jëmu: njàngum o oo ó óo



IFLAN

**Njóoba ak Ndóobu ñu ngiy jàngi and ak seen i baay.**

Njóoba Ndóobu

óo óo

ÓO ÓO

| | | |
|---|---|---|
| solal | doomam | óbbali |
| sonn | Njóoba | góor |
| Ndóobu | dóor | siwó |
| po | toog | Jóge |

| | | |
|---|---|---|
| jom | moroom | jóob |
| dof | toppatoo | óom |
| solo | kóom | bóom |
| topp | kóoni | dóom |


Soda a ngi fo ak i moroomam.
Jóob jóge na ca daara ja.
Xaritoo am na solo.
Daara ji woote na, njàng mi doorna.

Saa yu daara ji masaan a ubbi, ndongo yépp dañuy bég.
Momar ak i moroomam ñoo ngi setal yéen yi ak ëttu daara ji.
Njiitu daara ji ak jàngale kat yi ñu ngi taxaw di leen sàmm.
Naka noonu Ndóobu ak mbooloo am rooti nañu.

IPELAN

## Tàjji : Yéen bi

## Jëmu : Njàngum y c cc



**Ndongo yi a ngi way ak a tàccu ci biir yéen bi.**

| Yi | woy | tàccu ci | yéen |
|---|---|---|---|
| y | y | cc c | y |
| Y | Y | CC C | Y |

**Y** → i, a, o, ó, é, ë, u → yi, ya, yo, yó, yé, yë, yu

**C** → i, a, o, ó, ë, é, u → ci, ca, co, có, cë, cé, cu

**Y** → ii, aa, oo, óó, éé, ëë, uu → yii, yaa, yoo, yóó, yéé, yëë, yuu

i, a, o, ó, é, u, à ← **CC**

IPELAN

| | | |
|---|---|---|
| tàccu | yéen | coow |
| cet | way | wàcc |
| coono | baykat | aay |
| cóow | yàkkamti | wecc |


Sunu yéen dafa set wecc.
Ndongo yi da ñu yàkkamti wàcc.
Baykat da fay ñeme coono.
Caanne Njaay da fa aay ci caytu.

Ci suba ba léegi sëriñ bi agseegul ci daara ji.
Ndongo yi séenu na ñu ba sonn waaye gisu ñu ko.
La ñu mujjé moo di nekke tàccu ak a woy ci biir yéen bi.
Ca noona la njiitu daara ji ñëwee, bàyyi leen ñu ñibbi.

IPELAN

## Tàjji : Dàl lu bi

## Jëmu : Njàngum d D dd



IPELAN

**Ndongo yi a ngi dal lu ci suufu kàdd gi, ñii di futbal ñii di tëb.**

Ndongo dal kàdd

d d dd d

D D DD D

i, a, o, ó, é, u, à ← dd

d → i, a, o, ó, é, ë, u — di, da, do, dó, dé, dë, du

d → ii, aa, oo, óó, éé, ëë, uu — dii, daa, doo, dóó, déé, dëë, duu

| | | |
|---|---|---|
| Duudu | kàddu | dalalul |
| dalal | kàdd | caada |
| daloo | tudd | rëdd |
| dolli | tedd | sedd |

Duudu tëdd na ci suufu kàdd gi.
Man Daabo laa tudd.
Dalal gan ci sunu caada la.
Jàngoro Daaro dalul Duudu.

Tay Duudu dafa am gan. Ganam koddu la tudd.
Duudu dalal na koddu ca daluwaay ba.
Dugal na ko fu sedd. Koddu yëkati fa ay kàddu ngërëm ak i cant yu daw yaram.

IPELAN

## Tàjji : Njàngale mi

### Jëmu : njàngum mp MP



IPEL

**Umpaañu faatim mooy jàngal lompoñ yi.**

Umpaañ lompoñ

Mp mp

i
a
o
ó
é
u
à
← **mp**

**mp** →

| | |
|---|---|
| i | mpi |
| a | mpa |
| o | mpo |
| ó | mpó |
| é | mpé |
| ë | mpë |
| u | mpu |

**mp** →

| | |
|---|---|
| ii | mpii |
| aa | mpaa |
| oo | mpoo |
| óó | mpóó |
| éé | mpéé |
| ëë | mpëë |
| uu | mpuu |

umpaañ
lompoñ
sump
domp

dàmp
njàmpe
samp
xàmp

temp
comp
nàmp
sompaat

Sofental ñakk mooy indi lompoñ.
Maa ngiy dàmpu ci suufu garabu sump gi.
Xale bi feragul mu ngiy nàmp ba tay.
Yaay a ngi temp jëm ja ba.

Njàng am na solo lool. Boo dee xale da ngay nangu jàng mooy tax boo màggee jëriñ sa bopp noppal say mbokk. Jamono metti na, liggéey jafe na tekki ni ko randuma. Moo tax xale bu si nanguwul jàng ëllëg di nga sonn mere ku la deful dara.

IPELAN

## Tàjji : Nafar

### Jëmu : Njàngum ë o ó d y c



**Yaay ñëw na di fóot ci suufu kàdd gi, lamin ak karim jël nañu bal bi di ko xëccoo.**

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Yaay | ñëw | | fóot | ci | kàdd | jël | xëccoo |
| y y | ë | | óo | c | dd | ë | cc |
| Y Y | Ë | | ÓO | C | DD | Ë | CC |

| | | |
|---|---|---|
| **kër** | **ñëw** | **moroom** |
| **dëkk** | **yóbbu** | **rocci** |
| **jël** | **furnó** | **cin** |
| **dëbb** | **sore** | **xotti** |

| | | |
|---|---|---|
| fóot | cooroon | yaay |
| góob | toog | bàyyi |
| yóot | xëccóo | fàdd |
| dóom | coono | tàyyi |

Lamin ak karim ñu ngi xëccóo bal ci ëtt bi.
Góori dëkk bi ñépp jóg nañu, da ñuy góobi seen i tool.
Ndongo yi wàcc nañu.
Gaynde gi fàdd na béy wi.

Góor ñépp daje nañu ca pénc ma ngir waxtaane bésub ngóob mi. Ca ëllëg sa teel, waa dëkk bépp jóg dañuy góobi. Tool ya sore nañu. Liggéey boobu nag neexul. Amul gone amul mag. Dañuy jóor ba ca kaw yaay ñoom soga indil góor ñi añ.

IPELAN

# Këmbu 3 :

# Wër gi yaram

IPELAN

## Xët mi:

Tay dama demoon ñakkuji ànd ak sama yaay.

Metti woon na de waaye jooyuma sax.

Doctoor bi nee na ñakku dafay tax doo feebar.

Mu ne man xale bu yaru laa te ñeme.

Mu may ma benn tàngal.

IPELAN

# Tajj Cet gi

## Jëmu : Njàngum f nc F NC




**Faatim, fari ak xale yu góor yi a ngi setsetal pénc mi.**

Faatim fari pénc

F f nc

F F NC

i a o ó é u à ← f

f → i a o ó é ë u — fi fa fo fó fé fë fu

f → ii aa oo óó éé ëë uu — fii faa foo fóó féé fëë fuu

| | | |
|---|---|---|
| Faatim | denc | sanc |
| Fari | pénc | fomp |
| fóot | conc | xànc |
| rafet | gàncax | coof |

Faatim conc na fari.
Gàncax gi rafet na.
Sëriñ bi faramfàcce na dégtu bi.
Faatim a ngi fobeere.

Man faatim laa tudd. Dëkk sanc ba, ca wetu pénc ma.
Fajar ju nekk ba laa may jàngi damay sangu ba set.
Du ma fatte itam raxas samay loxo ak sama gémmiñ.
Loolu moo tax du ma gaaw a feebar te moo ma tax a rafet.

IPELAN

## Tàjj: Biir buy daw

## Jëmu: Njàngum ng ŋ



**Jàngoro biir buy daw dafay ŋacc xale**

| | |
|---|---|
| Jàngoro | ŋacc |
| ng | ng |
| NG | NG |

ng →

| |
|---|
| i |
| a |
| o |
| ó |
| é |
| u |
| à |

ng →

| | |
|---|---|
| i | ngi |
| a | nga |
| o | ngo |
| ó | ngó |
| é | ngé |
| ë | ngë |
| u | ngu |

ng →

| | |
|---|---|
| ii | ngii |
| aa | ngaa |
| oo | ngoo |
| óó | ngóó |
| éé | ngéé |
| ëë | ngëë |
| uu | nguu |

IPELA

jàngoro
ngéwel
wengal
ngénte

ŋaayoo
ŋàdd
ŋacc
ŋoos-ŋoos

fàŋŋaaral
noŋŋ
ngoonal
jàngalekat

Benn ŋàddu guró.
Nguuda moy baayu Ngóone.
Jàngalekat bi ngàdd na Ngañ.
Lu ni fàŋŋ ni dàŋŋ.

Di leen raxas seeni loxo ngir aar seen bopp ci jàngoroy biir buy daw.
Ay loxo yu setul ak i ñam yu wérul di nañu faral di indi jàngoroy biir buy daw.
Biir buy daw dinay lor xale yu bari, di leen ŋacc ba ñu wow koŋŋ.
Koon na nu farataal di raxasu ak saabu saa su nekk.

IPELAN

## Tàjj: Bérëbu fajukaay bi (dispanseer)

## Jëmu: Njàngum r R




**Rama dafa sibiru, xëy na ca yoor-yoor dem dispanseer.**

| Rama | sibiru | yoor-yoor | dispanseer |
|---|---|---|---|
| r | r | r r | r |
| R | R | R R | R |

r → i, a, o, ó, é, u, à

| | | |
|---|---|---|
| r | i | ri |
| r | a | ra |
| r | o | ro |
| r | ó | ró |
| r | é | ré |
| r | ë | rë |
| r | u | ru |

| | | |
|---|---|---|
| r | ii | rii |
| r | aa | raa |
| r | oo | roo |
| r | óó | róó |
| r | éé | réé |
| r | ëë | rëë |
| r | uu | ruu |

| | | |
|---|---|---|
| Rama | béréb | wér |
| garab | miir | wéradi |
| sibiru | kër | fër |
| biir | fagaru | néer |

Rama dafa sibiru.
Doctor bi faj na Rama.
Aram ak Yaaram da ma leen yërëm.
Rama moom faju na.

Rawaan fagaru na ci bépp jàngoro.
Saa su nekk day dem kër doctoor di saytu wérgu yaramam, di sàllook wareefi cet, di raxas ay loxoom te itam ci biir sanké lay fanaan moom ak i waa këram, loolu moo waral mu aar boppam ak njàbbootam ci sibiru.

IPELAN

## Tàjji: Ñakku

## Jëmu: Njàngum G g gg



**Gàmmu ànd na ak Màggat dém ñakki gone yi**

| | | |
|---|---|---|
| Gàmmu | Màggat | gone |
| g | gg | g |
| G | GG | G |

i, a, o, ó, é, u, à ← gg

g → i, a, o, ó, é, ë, u → gi, ga, go, gó, gé, gë, gu

g → ii, aa, oo, óó, éé, ëë, uu → gii, gaa, goo, góó, géé, gëë, guu

| | | |
|---|---|---|
| Gàmmu | Màggat | fagaru |
| gox | ràgg | garab |
| góor | sàggan | dëggu |
| jigéen | yàgg | egg |

Jigéeni gox bi dégg na ñu ndigal li.
Fagaru na ñu bu yàgg.
Doomu Maggat ràgg na lool.
Sàggane ñakk baaxul.

Jiggéén ñi dégg na ñu ndigal mootax, Màggat jigéenu wérul ji, ànd na ak Gàmmu dém ñakku ji.
Ñakku war na góor, war na jiggéen.
Ñakku moo lay aar ci jàngoray jamono ji.

IPELAN

## Tàjji :sëqët su bon si

## Jëmu : Njàngum q nq

Image d'un colloque

**Bànqaasu wergi yaram gi ñoo ngi waxtaane sëqët su bon si.**

Bànqaasu — sëqët

nq — q

NQ — Q

i, a, o, ó, é, u, à ← **nq**

**q** → i, a, o, ó, é, ë, u → qi, qa, qo, qó, qé, që, qu

**q** → ii, aa, oo, óó, éé, ëë, uu → qii, qaa, qoo, qóó, qéé, qëë, quu

IPELAN

| | | |
|---|---|---|
| pàq | ténq | sànq |
| sëqët | bànqaas | ténq |
| ruqu | sànqaleñ | renq |
| làqatu | xonq | fànq |

Duudu sol na yëré bu xonq.
Pàqu garab gi fàqq na.
Biir néeg bi bari na ay sànqaleñ.
Ñakk dafay fànq jàngoro.

Karim, Lamin ak Faatim woote nañu ca pénc ma ngir waxtaan ak waa dëkk bi.
Yaay jànqe tool ya ngir teewe waxtaan wi. Xale yi jóge nañu sànq ca Rosso ngir ñëw ci ndaje mi.
Banqaas bi ame mbirum ñakk ci kër doctoor ñoo wara waxtaane fagaru ngir mucc ci jàngoro bu bon boobu di sëqët si.

IPELAN

# Tàjji: Nafar

**Jëmu: f nc ng ŋ r g ŋŋ gg**



**Faatim lanc na suux wi ci suufu garab gi karim ngàdd ko mu ni gàŋŋ.**

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Faatim lanc | | garab | karim ngàdd | | | gàŋŋ |
| f | nc | g | r | ng | | ŋŋ |
| F | NC | G | R | NG | | ŋŋ |

| | | |
|---|---|---|
| **ŋas** | **jëf** | **ngoon** |
| **toŋŋ** | **faatim** | **tang** |
| **woŋŋ** | **defar** | **yëngal** |
| **ŋaawu** | **fukki** | **pénc** |

gàncax
sanc
fóoti
jafe

góor
gàtt
wëgg
segg

rëdd
fagaru
gaana
ngelaw

Faatim dafa woŋŋ laamin mu ne gàŋŋ.
Tay ci ngoon ngelaw li dafa bare.
Baay a ngi ratt nag wi.
Waa dëkk bi daje na ñu ca pénc ma.

Soo duggee ci dëkk bi, kër Ëlbu ngay jëkk seen mune fàŋŋ ak weexaayam. So dee dugu foofa moom ngay jëkk seen mu ni faŋŋ ci kow siisam ci wet gi mu am tóokóor bu am ay gàncax ak i garabi mango.

IPELAN

# këmbu 4

# Po ak tàggat yaram

IPELAN

## Tàggat yaram

Jàngoro yépp dañu leen war a xeex.
Daw ca ba ngay am ay tànk moo gën.
Tàggat yaram mën la aar ci yenn jàngoro yi.
Xeetu tàggat yaram yépp amna ñu solo.
Futbal basket ak yenen i xeeti tàggat yaram.
Di na ñu la aar ci jàngoro yu bare

IPELAN

## Tàjji: làngaaburi

**jëmu: m mm M MM**



**Lamin ak Faatim tàmm na ñu làngaaburi ak seen i moroom**

Lamin Faatim tàmm moroom

m m mm m m

M M MM M M

i
a
o
ó
é
u
à

→ **mm**

**m** →

| | |
|---|---|
| i | mi |
| a | ma |
| o | mo |
| ó | mó |
| é | mé |
| ë | më |
| u | mu |

**m** →

| | |
|---|---|
| ii | mii |
| aa | maa |
| oo | moo |
| óó | móó |
| éé | méé |
| ëë | mëë |
| uu | muu |

IPELAN

| | | |
|---|---|---|
| làmmiñ | moroom | doom |
| tàmm | Karim | Maam |
| lemmi | Lamin | Ami |
| mbaam | Faatim | Biram |

Faatim tàmm na lemmi yëré doomu taaram.
Lamin gaañ na karim ci làmmiñ.
Mala wi dafa ràmm.
Lamin, karim ak Faatim ñu ngay langaaburi ak seen i moroom.

Lamin aki moroomam ñu ngi fowe bal ci ëttu daara ji.
Noona menn mbaam jaar fa, ñu doon ko dàqi far Karim
fél tànk ba mu gaañ ko ci làmmiñ.
Karim jël ko yobbu ko ca kër ga.

IPELAN

## Tàjj: fut bal

### jëmu: n nn N NN



IPELN

**Muritani daan na Aljeri benn bal ci dara.**

Muritani daan benn

n n nn

N N NN

i, a, o, ó, é, u, à → nn

n → 

| | |
|---|---|
| i | ni |
| a | na |
| o | no |
| ó | nó |
| é | né |
| ë | në |
| u | nu |

→ n

| | |
|---|---|
| ii | nii |
| aa | naa |
| oo | noo |
| óó | nóó |
| éé | néé |
| ëë | nëë |
| uu | nuu |

| | | |
|---|---|---|
| neex | génn | fenn |
| nëbbutaan | sonn | noon |
| nañu | tànn | naan |
| néeg | genn | benn |

Waa dëkk bi génn nañu jëm pénc ma.
Lamin fél na bal bi.
Muritani moo daan Aljeri ci futbal.
Xale yi a ngi nëbbutaan ca pénc ma

Karim ak lamin génn nañu dem di fo ca pénc ma .
Fekk nañu seeni moroom di nëbbutaan.
Nes tuuti rekk ñu dégg daan wi mauritani daan Aljeri .
Ñépp  génn ci mbedd yi di wone seen mbégte.
Xale yi doon joŋŋante def nañu jaloore ju rëy.

IPELAN

## Tàjj: Wuré

## Jëmu: Njàngum w ww W WW

**Nataal**
**Deux jeunes filles de 12ans se battant à cause du jeu awalé. L'une d'entre elle déchire complètement la robe de l'autre.**

IPELAN

**Awa làwwi na yëré Faawàdd ndax wuré.**

Awa làwwi Faawàdd wuré

ww w w

W WW W W

i, a, o, ó, é, u, à → WW

W → i, a, o, ó, é, ë, u → wi, wa, wo, wó, wé, wë, wu

W → ii, aa, oo, óó, éé, ëë, uu → wii, waa, woo, wóó, wéé, wëë, wuu

| | | |
|---|---|---|
| wuré | làwwi | càww |
| Awa | tàwwi | daaw |
| Faawàdd | fàww | gaaw |
| naw | ràww | wàww |


Awa a ngi wuré ak Faawàdd.
Dex gi neena leww.
Mawdo wàdd wuti na jën.
Lii day law ba fàww.

IPELAN

Awa ak Faawàdd a ngi wuré.
Waa kër gi wër leen.
Waali ne leen ku ci daan dinaa ko may wurus.
Warax mu nekkoon ci waañ wa ñëw di séetaan.

# Tàjji: Làmb ji

## Jëmu: Njàngum  l ll  L  LL



IPELA

**Lamin daan na Bàlla jéll bu set wecc**

Lamin  Bàlla  Jéll

l  ll  ll

L  L  L

i a o ó é u à → ll

l → i a o ó é ë u

li la lo ló lé lë lu

l → ii aa oo óó éé ëë uu

lii laa loo lóó léé lëë luu

| | | |
|---|---|---|
| Lamin | jell | alal |
| làmmiñ | këll | mala |
| lëg | àll | xale |
| lank | Bàlla | lal |

Lamin daan na Bàlla jéll bu leer.
Bàlla galgal na Faal ñu roofoo.
Ablaay jàpp na lëg.
Soxna làlli na lal bi.

Làmb ji nu doon xaar tey jii lay am.
Mbër mu ne gàddu ay njaq.
Ku nekk di yaakaar ni yaay daan.
Léewtoo bi di waaj a tàmbali.
Lamin songona Bàlla.
Galgal ko, daan ko jéll bu leer.

IPELAN

## Tajji : Tàggat yaram

## Jëmu : Njàngum nk Nk



IPEN

**Lamin da doon dàqante ak karim bay sonk sokk ko ci tànk**

Sonk tànk

nk nk

| nk → | | |
|---|---|---|
| ____ | i | nki |
| ____ | a | nka |
| ____ | o | nko |
| ____ | ó | nkó |
| ____ | é | nké |
| ____ | ë | nkë |
| ____ | u | nku |

| | | → nk |
|---|---|---|
| i | ____ | |
| a | ____ | |
| o | ____ | |
| ó | ____ | |
| é | ____ | |
| u | ____ | |
| à | ____ | |

| | | |
|---|---|---|
| lonku | fonk | tënk |
| penku | dénk | ponkal |
| sànku | fenk | sonk |
| unk | tànk | onk |

Golo lonk na tankam ci caru garab gi.
Baay dem na penku.
Fab na lonku bi di witt màngo.
Sunu kër dafa bari unk.
.

Sunu sëriñ moo nu digal ñu fonk tàggat yaram.
Nee na loolu day yokk wér te dafay tax a mën a jàng.
Looloo tax mu nuy jàppale àllarba ju nekk.
Bës bu nekk balaa jant fenk da ñuy dox ak sunuy tànk lu mat ñaari téeméeri jéego.

IPELAN

## Tàjji: Nafar

### Jëmu: Njàngum w W m M n N l L nk Nk

Nataal
Deux jeunes gens de 7 a 8 ans qui poursuivent un âne, qui donne un coup de pied à l'un d'entre eux.

IPELAN

**Lamin dàq na mbaam mi mu génn wéq karim ci tànk**

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Lamin | na mbaam | | génn wéq | | tànk |
| l | n | m | nn w | | nk |
| L | N | M | NN W | | NK |

| | | |
|---|---|---|
| wéq | bal | fàww |
| sonk | maam | tàwwi |
| wuti | waar | tàmm |
| karim | jàll | tànk |

| | | |
|---|---|---|
| ñall | tërël | génn |
| pulloox | dal | neex |
| penku | nëbbutaan | tànn |
| woo | sonn | sànku |

Waa dëkk bi génn na ñu jëm ca pénc ma.
Karim a ngi làngaaburi ak lamin.
Mbaam mi wéq na karim ci tànk.
Faatim tàmm na xolli pullóox.

Lamin, karim ak faatim dem na  ñu ca pénc ma. Fekk na ñu seen i moroom di foo. Ñii di nëbbutaan, ñee di làngaaburi ak foowe bal.
karim wéq faatim mu daanu ci kaw siwo bi ndox mu ci nekkoon ni wàww.

IPELAN

## këmbu 5 :

# Njóol yi

IPELAN

## Xët mi: Ñawkat

Móodu faal ñawkat bu xarañ la.

Piis yu baree nga ca berëb ba muy ñawe.

Buy ñaw dafay sëgg di yëngal tànkam.


Su tabaski jotee, day bari nit.

Ku mu ñawal rekk nga bég.

IPELAN

## Tàjju: jàngale kat bi (sëriñ bi)

## Njàngum: k K kk KK




**Sëriñ Kamara bind na fukki kàddu ci alluwa ji.**

| | | |
|---|---|---|
| Kamara | fukki | kàddu |
| K | kk | k |
| K | KK | K |

i, a, o, ó, é, u, à → **kk**

**k** → i, a, o, ó, é, ë, u → ki, ka, ko, kó, ké, kë, ku

**k** → ii, aa, oo, óó, éé, ëë, uu → kii, kaa, koo, kóó, kéé, këë, kuu

IPELAN

| | | |
|---|---|---|
| Karim | lakk | kom-kom |
| Kumba | làkk | kakatar |
| kew | sàkket | koko |
| Kinne | bukki | kiri-kiri |

Kumba a ngi jàngale làkki réew mi.
Kinne dem na dëkk ba.
Sàkketu daara ji daanu na.
Karim kifa la dëkk

Njiitu dëkk bi woote na ca pénc ma, ngir waxtaane li jëm ci sàkketu daara ji.
Kélifay dëkk bi yépp takku nañu ngir sàkket ko.
Seriñ kamara bég na ci loolu. Mu ne leen kenn ku nekk war na ci dugal loxoom, te di nemmeeku jàngalekat yi.

IPELAN

## Tàjji: Jënd ak Jaay

### Jëmu: Njangum JJ Jj jj



IPELAN

**Xujja day jaay jën ca ja ba.**

| | | | |
|---|---|---|---|
| Xujja | jaay | jën | ja |
| jj | j | j | j |
| JJ | J | J | J |

i, a, o, ó, é, u, à → jj

j → i, a, o, ó, é, ë, u → ji, ja, jo, jó, jé, jë, ju

j → ii, aa, oo, óó, éé, ëë, uu → jii, jaa, joo, jóó, jéé, jëë, juu

jaara
tijji
julli
jigéen

tëj
ijj
waajur
taaj

wàjji
jënd
jaay
waaj

Jaari jënd na jën.
Jaaykat yi xëy na ñu ja ba.
Jaara tijji na bitigam.
Jaaykatu lujum bi jeexal na.

Njëg yi jafe nañu, njaay mi jarul,
Jaari tijji na bitigam waaye jaayul dara.
Ja bi bari na njaay waye xaalis amul.
Jaax le na, tay fan lay jële lu mu añé.

IPELAN

## Tàjji : Ñawkat bi

## Jëmu : Njàngum s S



**Ñawkat bi ñaw na ser yi Umu suuboon**

| | |
|---|---|
| ser | suuboon |
| s | s |
| S | S |

i
a
o
ó
é
u
à
→ S

S → i, a, o, ó, é, ë, u

| | |
|---|---|
| i | si |
| a | sa |
| o | so |
| ó | só |
| é | sé |
| ë | së |
| u | su |

S → ii, aa, oo, óó, éé, ëë, uu

| | |
|---|---|
| ii | sii |
| aa | saa |
| oo | soo |
| óó | sóó |
| éé | séé |
| ëë | sëë |
| uu | suu |

ser
sol
suub
Sàmba

sàmm
soow
suukër
sedd

sëriñ
sibiru
fees
bees

Yaay a ngi suub mbubu Lamin.
Faatim a ngi tàpp ser yi.
Sunu sàmm Sàmba la tudd.
Salimata sol na yëré bu bees.

Kori gi jógé si na yaay ànd ak Faatim suubi seeni yëré ca suubkat ba ca buntu dëkk ba.
Foofa nag mbànd yi a ngi tege fees dell. Melo boo bëgg rekk wone ko mu defaral la ko.
Faatim moom taamu na melo bu xonq.

IPELAN

## Tàjj: Lakk katu mburu

## Jëmu: Njàngum mb Mb



IPELAN

**Mbay moy lakk mburu ci gox bi.**

Mbay mburu

mb mb

MB MB

i
a
o
ó
é
u
à
→ **mb**

**mb** →
i → mbi
a → mba
o → mbo
ó → mbó
é → mbé
ë → mbë
u → mbu

**mb** →
ii → mbii
aa → mbaa
oo → mboo
óó → mbóó
éé → mbéé
ëë → mbëë
uu → mbuu

mburu
mbaanig
mberu
mbër

làmb
ëmb
mbindaan
mbóojéen

mbaxal
mbuuraake
mbooloo
mbege


Yaay jël na mberu mi, muur ko ci mbaanig mi.
Lambu démb ja xumbóon na lool.
Mbidaanu Mbëge togg na mbaxal.
Mbër mi am na mboolo

Mbay lakk mburu moy ligéeyam.
Bés bu nekk bu Sàmba yéewoo jubali sa bérabu Mbay ngir jënd mburu ak mbuuraake.
Bambi moom mburu Mbay jaral na ko dém ba Mbaañ.

IPELAN

# Tajji: Mool mi

## Jëmu: Njàngum NJ nj



IPELAN

**Njaay mool la njël lay roti.**

Njaay — njël

nj — nj

NJ — NJ

i, a, o, ó, é, u, à → nj

nj → i, a, o, ó, é, ë, u → nji, nja, njo, njó, njé, një, nju

nj → ii, aa, oo, óó, éé, ëë, uu → njii, njaa, njoo, njóó, njéé, njëë, njuu

Njaay
njël
njolloor
njariñ

njuuma
kànj
xànju
yànj

njëkke
gànjar
bànjóoli
njool

Njuga dafa njool ca kaw.
Njawar mu ndaw ci njulli yi la bokk.
Njéeme sol na mbubb mu yànj.
Bànjóoli du naaw day daw.

Mool yi njël la ñuy rot, dellusi njolloor.
Am na itam ñuy waññeeku marax.
Soxnay Njuga, jaaykatu jën la.
Bés bu jot fajar lay xëy, jubbal ca téfes ga ngir am ay jën yu mu yobbu ca ja ba.

IPELAN

# Tajji: Nafar

## Jëmu: k j s mb nj



**Sëriñ neena na ñu jàppoo di lekk lu yemb ngir aar njaboot gi.**

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| Sëriñ | jàppoo | lekk | yemb | njaboot |
| s | j | kk | mb | nj |
| S | J | KK | MB | NJ |

| | | |
|---|---|---|
| **jëm** | **dijj** | **njaboot** |
| **junj** | **mujj** | **mbagg** |
| **jengu** | **karim** | **mbaxana** |
| **sàppe** | **njël** | **lëmb** |

IPELA

takku
pàkk
làkk
sëriñ

mbalit
xumb
njariñ
tekki

Suukër
Fees
Sedd
mburu

Lamin suukër na soow mi.
Faatim bale na keppaaru garab gi.
Baay takku na jëm tool ya.
Karim a ngi dàq mbaam mi.

Làkku daara ji egg na. Waajur ya a ngi ci keppaaru garab gi. Njiitu daara jeek sëriñ si di leen ndokkeel ci liggéey bi. Mbegte mu rëy la ñëpp am leegi daara ji rafet na. Ndongo yi ànd ak cawarte gu bare ci njàng mi.

IPELAN

# Këmbu 6

# Xew yi

IPELAN

## Xët mi: Ngénté li

Ndey kumba am na doom ju góor ayu-bés bii weesu.

Tay lañuy tudd liir bi.

Njaboot gi yépp teew nañu.

Jigéen ñi togg nañu laax yu neex séddalé.

Imam joxe na tur wi, ñaanal xale bi.

IPELAN

## Tàjji : Moom sa réew

## Jëmu : ñ Ñ ññ ÑÑ




IPELA

**Seriñ bi ràññeeku na ci màggalu 28 noowàmbar bi**

Seriñ ràññeeku

ñ ññ

Ñ ÑÑ

i, a, o, ó, é, u, à → ññ

ñ → i, a, o, ó, é, ë, u → ñi, ña, ño, ñó, ñé, ñë, ñu

ñ → ii, aa, oo, óó, éé, ëë, uu → ñii, ñaa, ñoo, ñóó, ñéé, ñëë, ñuu

Sëriñ
ñaw
Nañu
bëñ

gàññ
Waññi
ràññi
eññ

ñebbe
gaañ
waañ
ñaar

Faatim ñëw na di waññ njaayam.
Yaay a ngi togg ñebbe.
Seriñ baa ngi ëñ loxo mdubboom.
Ndaa yaa ngi ni gaññ ci ja bi.

Lamin aki morromam ànd nañu ak seen seriñ, dem seeti tabaxkat ya ca peggu dex ga di liggéey.
Raññi nañu ca bërëb ba kàmb yu bari.
Ndaa yaa nga fa ni gaññ aki ay jumtu waañ, yu mel ni inde, and, potu ndaa.

IPELAN

## Tàjj: kori gi

## Jëmu : Njàngum t T tt TT



**Maam Paate natt na muurum kooram.**

Paate natt

p tt

P TT

i, a, o, ó, é, u, à → tt

t → i, a, o, ó, é, ë, u

ti, ta, to, tó, té, të, tu

t → ii, aa, oo, óó, éé, ëë, uu

tii, taa, too, tóó, téé, tëë, tuu

| | | |
|---|---|---|
| talaata | natt | at |
| tay | ëtt | xarit |
| tàllal | matt | kàttan |
| tànk | fatt | màtt |


Taala jënd na sikket duggal ko ci sàkket wi.
Paate jiite na julli kori gi.
Fanta togg na ay ñam yu neex.
Aale a ngi natt xaftaanam.

Weer wi feeñ na tey.
Ëllëg la besu kori, nit ñi natt na ñu asakay koor. Da ñu kay séddàle way ñakk yi.
Baay sol na xaftaan bu rafet, jiitle ak xaritam ñu jëm ca julli ga. Yaay jog na fajar togg laax.
Bu nu jullee ba noppi da nuy dém ñaani ndewanal.

IPELAN

## Tàjj : Xarum tabaski gi

## Jëmu : Njàngum x p PP X PP



**xaru tabaski gii ci keppaaru garab gi pepp lañ koy xonte**

| | | | |
|---|---|---|---|
| Xaru | keppaaru | pepp | xonte |
| x | pp | p pp | x |
| X | PP | P PP | x |

i
a
o
ó
é
u
à
→ **pp**

i
a
o
ó
é
u
à
→ **X**

**x** →
i — xi
a — xa
o — xo
ó — xó
é — xé
ë — xë
u — xu

**x** →
ii — xii
aa — xaa
oo — xoo
óó — xóó
éé — xéé
ëë — xëë
uu — xuu

IPELAM

| | | |
|---|---|---|
| xaritam | paaka | xam-xam |
| xaj | ponkal | koppar |
| weex | tàpparka | xar |
| xoqtal | bopp | pepp |


Xuri ak i xaritam ñoo gi xàqataay.
Xadi am na ay koppar.
Sàkku xam xam lu baax la.
Xale yépp lekk na ñu yàpp.

Xaru ñoom xuri dañu koy xont ngir waajal tabaski wi.
Xar mu weex tàll la te am taxawaay.
Boo nee ko jàkk rekk dal di ko xemem, koppar yu bari la jar.
Ay peppi dugub la ko baay di xonte ak ngooñ.
Loolu moo tax mu suur te rafet

IPELAN

## Tàjji: Gàmmu gi

## Jëmu: Njàngum b B bb BB



IPELA

**Binta dëbb na dugub ji ngir réeru gàmmu gi.**

Binta dëbb dugub

b bb b

B BB B

i
a
o
ó
é
u
à
→ bb

b →
i — bi
a — ba
o — bo
ó — bó
é — bé
ë — bë
u — bu

b →
ii — bii
aa — baa
oo — boo
óó — bóó
éé — béé
ëë — bëë
uu — buu

| | | |
|---|---|---|
| **Binta** | **dëbb** | **àbb** |
| **dugub** | **tabb** | **tebbi** |
| **bol** | **tibb** | **saabu** |
| **baat** | **jébbalu** | **góob** |

**Baay dem na gàmmu ga.**
**Faatim dëbb na ceeb bi.**
**Yaay tibbal na xale yi ci cere ji.**
**Daabo moodi woy jàng yi.**

**Wéer wi nu doon séenu tàbbi na.**
**Baay a ngi waajal gàmmu gi.**
**Yaay ak Binta dëbb nañu ceeb ak dugub ngir mooñ cere.**
**Ba ñu reeree ba noppi ñu dem ca jàng ya.**

IPELAN

## Tàjji: Tamxarit

## Jëmu: Njàngum nt Nt



**Fanti ak Binta mayante nañu reeru tamxarit.**

Fanti Binta mayante

nt nt nt

NT NT NT

i
a
o
ó
é
u
à
ë
→ nt

nt → i a o ó é ë u

nti nta nto ntó nté ntë ntu

nt → ii aa oo óó éé ëë uu

ntii ntaa ntoo ntóó ntéé ntëë ntuu

IPELA

seentu
foontu
gontu
jant

joxante
baalante
bunt
bant

ngénte
sant
xunt
ngànt

Binta waxante na ak fanta ci buntu kër gi.
Tànt nañu seen buntu kër ndax ngéente li.
Fanti gontu na ja ba.
Aminta Njaay baayil di ma foontoo.

Guddi tamxarit da nu tàmm di taajjaboon.
Da ñuy baaxantal, góor ñi sol yere jiggéen, jiggéen ñi sol yëre góor di doxantu ci biir dëkk bi, di tëgg ak fécc.
Ci tamxarit wi di na ñu joxante loxo baalante àq.
Fanti togg na si cere ju neex.

IPELAN

## Tàjji: Nafar

### Jëmu: ñ t x b nt Ñ T X B Nt



**Tabaxkatu ndaa bi ñëw na di tabax ay xeeti ndaa yu bare.**

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| Tabaxkatu | ñëw | tabax | xeeti | bare |
| T b x t | ñ | t b x | x | b |
| T B X T | Ñ | T B X | X | B |

| | | |
|---|---|---|
| ëñ | tabax | wet |
| ñëw | ñebbe | gétt |
| ñaw | bàyyi | ratt |
| sëriñ | sikkett | raxaslu |

xaalis
ndox
loxo
xereñ

ceeb
dugub
xaccalu
bañ

xànjar
nawet
jiital
botti

Tabaxkatu ndaa bee ngiy waññ ndaa yi.
Baay a ngi ratt nag wi ci gétt gi.
Xale yi a ngiy xaccalu seen i paaka.
Sëriñ bi ànd na ak ndongo yi dem ca cuubkat ba.

Baara géy tëgg bu xareñ la.
Waa dëkk bépp a ka ko nangul.
Lépp luy xaalis, xànjar, wurus, xeej ak lu nirook ñoom moo koy tëgg ba nga bég.
Lamin dem na ca moom ngir raxaslu lamu xaalisam.

IPELAN

## Léeb:

## Xaj ak Muus

Xaj dafa doon napputu muus.
Domu muus yi xusi ko mu tiit, ne ter- ter, ne dett.
Yaayu muus mi ne ko ñaw de.

IPELAN

## Léeb:

## Muus, Jinax ak Ganaar:

Muus dafa dugg ci pax.

Jinax dimbali ko mu génn.

Muus ŋànk tànkam.

Jinax di jooy.

Ganaar ñëw, ni : « Lu xew ».

Jinax wax ko lépp.

Ganaar ni ko « Gëmuma leen ! Muus xajul fii ».

Muus mer, dellu ca pax ma.

Ganaar ni jinax « Dawal gaaw ! »

Noonu lañu fa bàyyee Muus.

IPELAN

## Léeb:

### Jàmm

Su mbaam meree, dafay weqe ak ay tànkam,
Ndaxte mënul a wax.
Su golo meree dafa lay sànni ay doj.
Man, mën naa wax moo tax su ma meree,
Du ma xeex,
Du ma dóore ni baayima,
Da may wax.
Nanu bàyyi xeex
Te nu jàng waxante ci jàmm.

IPELAN

## Xët mi:

### Bés bu jëkk ça daara ja

Faatim wàcc na jógé daara ja ne yaayaam :

« Yaay, tey nataal naa genn kër ak ñaari oto yu rafet.

Xoolal, ñu ngi nii ci sama kaye bi. Rafet nañu ?

– Waawaaw, rafet nañu kay !

– Woy nanu fa tamit wenn woy wu neex. Sunu sëriñ, Karim la tudd. Am naa fa ay xarit yu tudd xadi, Demba ak Lamin.

Ay Yaay, ndeke daara ja nii la neexe !

IPELAN

## Léeb g:

### Bëre xaj ak golo

Xaj dafa gal-gal Golo rekk, fit wi di tëf-tëfi.
Gëleem ne ko bul yat-yati, yaa ko dàq a bëre.
Ñu jàppoo di wët-wëti.

IPELAN

## Xët mi: Ubbite daara ji.

Baay Jibi Gay moo gungé Lamin ak Karim ca daara ja.

Foofu, xale yi gis nañu fa seen i moroom.

Fo nañu ak ñoom.

Xale yi bég nañu bu baax.

Ba ñu wàccee, Lamin ak Karim dañu ñibbi.

Nettali nañu seen yaay lañu def ca daara ja.

IPELAN

## Xët mi: Lu ngeen di def

Nijaay jant, loo fiy def tay ?
Damay ñoral màngo, may xale yi !
Bàjjen weer, loo fiy def ?
Xanaa leeral kër gi, maam mën laa léebal !
Sama xarit biddéew looy wut si fii ?
Rafetal asamaan rekk, maay doomu weer !
Yaay taw, loo fi bëgg a def tay ?
Ñoral gerte, dugub ak mboq, xale yi lekk !

IPELAN

## Léeb g :

## Ndawalu gaynde

Démb ci ngoon,
Gaynde dafa dénkoon Bukki saaku ndawal.
Sànq, Golo àjji li Bukki dencoon, nëbb ko.
Bukki, tiit ndax xam ni Gaynde yomb naa mer.
Bukki wër gisul, tijji buntu xaj, wax ko ko.
Xaj nee ko, neel niib Golo, yeew ko ci ndigg.
Bukki jëfe ndigal, yeew Golo ci ndigg ak tànk.
Golo mujj ŋank buum gi, màtt ko daggul.
Nees tuut, mu déjjati bant bi ñu ko takkoon.
Noonu mu ne noŋŋ cig màngo, banku ne suññeel.

IPELAN

IPELAN

IPELAN 2024

IPELAN

AFD
AGENCE FRANÇAISE
DE DÉVELOPPEMENT

BANQUE MONDIALE

REPUBLIQUE ISLAMIQUE DE MAURITANIE